

VIMBISO KUNE VANOSHANDIDZANA NEMMCZ



DONZVO REGWARO RINO

Gwaro rino reVimbiso rinobuditsa kuzvipira kwedu mukupa vese vatinoshandidzana navo rubatsiro rwemhando yepamusorosoro.

ZVAMUNGATARISIRA KUBVA KWATIRI

Mienzaniso mishanu inotevera ndeyekuzvipira kwedu kukubatsirai. Tinotarisisira rutsigiro rwenyu uye kuti muite zvamakafanira kuita zvinobatsira kuti tizadzise vimbiso yedu.

Tinoda kuti	Kuzvipira kwedu	Mungatibetsera sei
Munzwe kugutsikana	Takazvipira nemoyo wese: - Kugadzirisa zvichemo munguva pfupi inokwanisika - Kuita zvinhu nemazvo kuti pasawanikwe chinosarira	- Ivai nemoyo murefu uye muchibatana nesu pane zvatinaita - Ipai mhinduro dzinovaka
Munzwe kuti munoteererwa	Tinovavarira kunzwisisa maonero enyu nemamiriro enyaya yenyu - Kuisa pfungwa dzedu pamuri nepane chichemo chenyu - Kuteerera nekunzwa tsitsi maererano nezvamunonzwa	Tipei ruzivo rwunonzwisika rwechokwadi
Munzwe kusimudzirwa	Takazvipira kubata pamwe chete nemi - Tichikurukura nemi - Tichitaura nemi nenzira ine ruremekedzo nemufaro - Uye kuramba tichitsvaga mufungo wenyu mumaitiro edu basa redu	Tauriranayi nevashandi vedu zvakanaka uye zvine rukudzo

Muve nevimbo	Tinozvipira kuita zvinoendeka mukubatirana kwedu nemi - Ticharamba tichikupai mhinduro dzakajeka nguva dzose - Tichaita kuti zvichemo zvenyu zvigadziriswe nemunhu akakodzera uye ane unyanzvi - Tichakupai mhinduro yakanangana nemi munguva yakafanira	Kutipira nyaya yenyu zvizere, uye pachokwadi kusanganisira kero uye nzira yekuti tingakubatai sei kuti tikupei mhinduro
kunzwa kuva neruzivo rwakakwana	Tinozvipira kukutungamirai uye kukupai jekeso pane zvatakafanirwa kuita mubasa redu - Kupa tsanangudzo uye zvikonzero maererano nemaitiro atinoita nawo basa redu - Kushandisa mutauro wamunonzwisisa	Ivai neruzivo ruzere maererano nekodzera dzenyu uye zvamunotarisirwa kuti muite

Tinotungamidza kugutsikana kwevatengi vedu uye tinoda kuti mukwanise kutaura nesu zviri nyore kuburikidza nenzira dzekukurukura nadzo dzamunozvisarudzira imi.



Parunhare

- Tichange tiripo kudaira pamunofona kubva nguva dza8 mangwanani kusvika 4:30 masikati pakati pevhiki.
- Tichakupai ruzivo rwose rwatinokwanisa kukupai pamunotanga kufona kuMMCZ.
- Tichagadzirisira zvichemo zvinoda kugadziriswa nenguva pfupi.
- Tichadaira runhare rusati rwarira kanopfuura katatu, panogoneka.




Pae-mail nepatsamba

- Tichakuzivisa kuti tagamuchira tsamba yenyu mukati mezuva rimwe chete nyangwe zvazvo chikumbiro chenyu chichizatora nguva yakati rebei kugadzirisira.
- Tichagadzirisira zvikumbiro zvinogara zvichipiwa uye zvikumbiro zvisiri kudiwa nenguva pfupi mukati memazuva maviri ekushanda.
- Zvikumbiro zvinogozha hazvidarike mazuva gumi ekushanda kuzvigadzirisira. Kana tikatadza kuita izvi, tichakuzivisa uye tokupai chikonzero.



Mukatishanyira

- Tichaita kuti munzwe kusununguka panguva dzose dzamunopinda mumahofisi eMMCZ.
- Tichabatsirai munguva pfupi inokwanisika.



Pamasaisai

- Tichaita kuti nzira dzedu dzokukurukura nemi dzigare dzichifambirana nenguva uye dzichipa ruzivo zvigare zvichifambirana nenguva uye zvichipa ruzivo rwakanangana nemi.
- Tichakupai nzira dzakasiyana siyana dzekutaura neMMCZ, uye kuongorora kuti mungashandisa sei nzira dzechivhithivhiti kuvandudza kubata kwenyu nesu.

Titaurirei nezvemabatiro edu

Takasununguka kugamuchira pfungwa
dzinovaka, zvinokanganisa uye mazano.
Munokwanisa kutiudza nemutowo unokufadza
imi:



Taurai nemushandi kana mutungamiri webato rezvekutengeswa paMMCZ.

Taurai nesu pamasaisai pa pr@mmcz.co.zw

Tibatei parunhare pa **+263 242 487200-4** (8:00 mangwanani kusvika 4:30 masikati, Muvhuro kusvika Chishanu).



Tinyorerei tsamba kukero inoti:

PR Department
MMCZ Building
90 Mutare Road
P Bag 2628
Harare

DR. N. J. Moyo

MMCZ GENERAL MANAGER

04 September 2025

ZUVA